

Èd Ekonomik pou Netwayaj Apre yon Katastwòf oswa pou Pèmèt Kay ou Aksesib

Release Date: Sep 17, 2021

Asistans FEMA pou katastwòf genyen kounya eleman diplis pou fè lakay ou pi sen epi genyen plis sekirite si Siklòn Ida te afekte li. Tip asistans yo ajoute sa yo fè pati Pwogram pou Patikilye ak Fanmi yo, epi pa genyen yon pwosesis aplikasyon apa. Li enpòtan pou sonje sinistre yo bezwen aplike nan FEMA pou jwenn asistans yo kalifye pou yo.

Reparasyon Kay - Katastwòf-Lakòz Kanni

- FEMA dwe founi èd ekonomik ak pwopriyetè kay yo kapab repare kay yo kote Siklòn Ida te devlope mwazi.
- Yo kapab itilize fon sa yo pou repare oswa ranplase atik kay la tankou ankadreman pòt, fenèt kase oswa yon ansyen sitèn ki ta kapab rann lavi fonksyone pi byen epi pi konfòtab.
- Fèy enfòmasyon ak lòt resous Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi ak Ajans Pwoteksyon Anviwònman pou konnen plis sou netwayaj, eliminasyon mwazi ak restorasyon disponib nan [Cleanup and Remediation | CDC](#).
 - Otorite yo konseye, moun ki soufri asm ak lòt maladi poumon epi/oswa iminopilmonè pa ta dwe rantre nan batiman ki genyen fwit dlo annda yo oswa mwazi ki vizib oswa ki santi, menm si yo pa fè yon alèji ak mwazi. Timoun pa dwe patisipe nan netwayaj nan ka katastwòf.
- Tout kandida ki sibi dega mwazi lakòz yo pandan katastwòf la dwe benefisye èd sa yo lè yo reponn ak tout kondisyon kalifikasyon yo.
- Yo ap founi w fon sa yo nan kad sibvansyon pou Asistans Reparasyon Kay ou.

Èd pou Lòt Bezwen - Èd Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Si lakay ou sibi dega men li abitab, FEMA kapab founi yon èd ekonomik ki rive jiska \$300 pou ede evite pèt adisyonèl epi pwoteje sante ak sekirite fwaye ou. Èd sa a destine ak pwopriyetè kay ak lokatè ki kalifye pou peye materyèl oswa



FEMA

Page 1 of 2

sèvis netwayaj.

- Pou kalifye, ou pral bezwen reponn ak kritè sa yo:
 - Rezidans prensipal anvan katastwòf ou an dwe nan youn nan 25 komin yo chwazi pou Asistans Endividyèl yo;
 - Sou baz yon evalyasyon FEMA, kay ou an sibi dega ki lye ak katastwòf; oswa
 - Si ou se yon lokatè, enspeksyon yo pèmèt detèmine aksyon yo bezwen oswa yo te pran;
 - Asirans ou an pa kouvri dega;
 - FEMA detèmine ou kapab abite nan kay katastwòf lan andomaje an ak tout sekirite.

Reparasyon Kay - Katastwòf-Lakòz Bezwen Konfò

- FEMA dwe founi asistans ekonomik pou atik konfò andomaje yo si yo te la nan kay la anvan Siklòn Ida epi ki te andomaje nan tanpèt ak inondasyon.
- Diplis, yo kapab ba w yon èd ekonomik si ou menm oswa yon manm fanmi an vin andikape akòz siklòn lan epi kounya bezwen modifikasyon pou konfò li.
- Sinistre kapab kalifye pou atik sa yo:
 - Ranp deyò
 - Baro pou apiye
 - Wout aksè rantre asfalte pou machin kandida a
- FEMA pa kapab peye atik asirans lan te kouvri oswa yon lòt sous te founi,
- Ou dwe founi dokiman ki pwouve se katastwòf la ki lakòz blese oswa maladi a epi ki limite youn oswa plis aktivite prensipal nan lavi w (egzanp, mache, abiye, pran swen tèt ou).
- Lòt òganizasyon benevòl lokal yo dwe kapab founi w lòt ekipman medikal ou bezwen yo. Rele 2-1-1 pou lokalize resous pre lakay ou.

Ou kapab aplike pou asistans pou katastwòf nan [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov), rele nan 800-621-3362, oswa itilize aplikasyon mobil FEMA. Si w ap itilize yon sèvis relè, tankou sèvis relè videyo (Video Relay Service, VRS), sèvis telefòn avèk soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo sèvis sa a.

Pou dènye enfòmasyon konsènan Siklòn Ida a vizite [fema.gov/disaster/4611](https://www.fema.gov/disaster/4611). Swiv nou sou Twitter nan twitter.com/FEMARegion6 epi ba nou like sou Facebook nan [facebook.com/FEMARegion6/](https://www.facebook.com/FEMARegion6/).

